

## **An Ayiti, yon klinik sante kòm yon bato sovta**

*Asistans Nitrisyon yo ofri tout moun k'ap tante kontinye rebati lavi yo 3 zan aprè tranbleman tè a, ede manman ki pi pòv yo kenbe pitit yo an sante.*

Twa lane aprè tranbleman tè a, gen mwens tant, mwens moun sou sit la nan ayewopò ansyen militè yo nan Potoprens. Anpil moun te jwenn yon nouvo kay. Malgre sa, gen anpil lot k ap viv nan kan ki nan mitan debri avyon ak elikoptè militè yo.

Jean Rousselène ki nan kan sa depi 3 zan, espwa toujou kite kote sa a. Avèk tant li a epi ti bebe li Dawensly, li rete nan yon ajoupa ki fèt ak planch an bwa, nan mòso tòl ak dra fen. Anndan, ajoupa sa, gen kèk rad ak yon kabann etwat kote de medam yo ak ti bebe a dòmi.

Lè manje a rive se vre, gen yon ti rechochabon ki nan papòt kay la, men pa gen okenn chodyè ki monte. Pa gen manje kay Rousselène jou sa a. Pou Rousselène jwenn kichoy pou'l viv, li fè lesiv pou moun. Men, kounye a, li pa vrèman jwenn travay. Li ak tant li a, ap fè gwo jefò pou yo rive satisfè bezwen yo chak jou Bondye mete.

Rousselène ki ta'p pale nou de sipleman nitrisyonèl li resevwa nan Pwogram Alimantè Mondyal depi nan konmansman gwosès li, di nou konsa : "Si yo pat banm èd sa a, li ta'p difisil pou'm jwenn kichoy pou'm manje,"

Ti bebe a pa gen anpil tan depi'l fèt, Rousselène toujou kontinye ba'l tete. Ti Dawensly anfòm, li sanble an sante.

Manman di nou "Tout bagay anfòm," Enfimyè yo ki nan sant sante a konfime sa. Labouyi yo fè ak farin soya, mayi, lwil ak sik li manje chak jou ap kontinye fè yon gwo diferans.

"Mwen pa ta janm panse sityasyon an tap konsa twa lane aprè", se sa Anne-Rose Saint-Preux, ki se yon ofisyèl nan sant sante a deklare. Sant le sou lobedyans Fondasyon pou Devlopman Fanmi ayisyen (FONDEFH), li jwenn sipò PAM, UNICEF ak lòt òganizasyon. "Toujou gen anpil moun la".

Yo te kreye Sant sante ki nan kan Aviyasyon yon ti tan apre tranbleman tè a nan lide pou ofri sèvis sante de baz yo gratis bay plizyè milye deplase. Twa lane pita, direktis sant lan remake kantite moun ka'p vini yo pa diminye. O kontrè moun yo kounye a soti byen lwen pou vinn deyè sèvis sante isit la.

Pami gwo jefò yo fe pandan twa lane ki sot pase yo, direktis la remake kondisyon nitrisyonèl timoun yo, fanm ansent ak nouris yo amelyore. Rousselène di konsa " Nou fè anpil sansibilizasyon. Lè nou pran bonè ak medam yo depi nan gwosès yo, nou pa pral jwenn timoun yo mal nouris. "

Sylvania Nelson se yon bon ekzanp nan siksè patenarya FONDEFH genyen ak PAM nan kan an. Li gen pou'l akouche nan semèn kap vini la yo. Li te kòmanse resevwa sipleman nitrisyonèl PAM yo byen bonè nan gwosès li. Li se manman an nan yon ti fi ki gen twa lane ki rele Erika. Ti pitit la resevwa yon manba pistach ki fèt espesyalman yo anpeche malnitrisyon.

Erika konnen byen deja manba pistach sa ap kenbe li an sante. Li konnen ti bwat zoranj ak tibwat blanch lan se pou li. Apèn soti nan klinik la, li komanse fouye nan sac manman'l resevwa nan PAM nan, li pran ti bwat manba epi sere byen di pou moun pa pran'l.

"Sa se yon apwòch prevantif, li te ede moun yo anpil," selon sa Anne-Rose Saint-Preux responsab FONDEFH di nou.

Ti klinik la ak anplwaye li yo tounen yon fanmi pou Sylvania. Ajoupa li a, tou prè sant sante a. Li toujou vini ladan'l depi li louvri. Fanmi l 'pa gen anpil resous, men li gen posiblite jwenn sèvis ak laswenyay ki ede timoun li grandi an sante.

**Stephanie Tremblay**